

# 22

fevriye

**Senyè, pa kite m tonbe anba men mechan yo, pwoteje m anba asasen yo.** Sòm 140. 4

**Jou malè, w ap delivre m. M ap chante, fè konnen jan ou pwoteje m.** Sòm 32. 7

## **Pwoteksyon Bondye**

Nan yon prizon an Afrik, yo t apral touye Jozye, pastè yon legliz. Li te toujou preche mesaj lanmou ak padon Bondye. Men, lapolis sekrè, te fè diktatè a konnen, legliz la t ap grandi, epi li te bay lòd pou arete pastè a. Jozye te konnen yo konn tòtire prizonnye yo avan yo touye yo e anpil nan yo tonbe. Li te kriye nan pye Bondye : “Mwen pè, ede m, Senyè. Mwen pa pè lanmò, men mwen pè pou yo pa tòtire m avan m mouri. Fè premye kou yo ban m nan tou touye m, tanpri”. Jozye rakonte kòman Bondye te fè entèvansyon l : “Bridsoukou, yon limyè te klere nan kacho a e mwen te tande tankou yon vwa ki t ap di m : “Ou pa sèl, mwen la avèk ou”. Tout krent mwen yo te disparèt. Mwen tonbe ajenou ak louvanj pou Senyè a. Vrèmanvre mwen te chante byen fò paske pòt kacho m nan te louvri epi de polisye te trennen m deyò. M panse moman pou m mouri a te rive, men mwen te kontinye ap pale ak Senyè m nan. Lè ofisyè a wè m, li di polisye yo konsa : “Nou te tande kòman l ap chante ? Nonm sa fou nèt. Pa gen okenn rezon pou nou touye l, jete l deyò a !” Nan yon ti moman, mwen te lib.”

Kreyen sa te viv, sa anpil lòt, konn eksperimente anpil fwa : “Letènèl ap gade w, lè w ap soti e lè w ap antre, depi kounye a e pou tout tan” (Sòm 121. 8). Yon istwa tankou sila nan Bib la (Travay 16. 22-34), di nou kòman yon gadyen prizon, avèk fanmi li, te vin konvèti aprè de prizonnye t ap chante louvanj Bondye.

# 22

février

**Éternel ! garde-moi des mains du méchant, préserve-moi de l'homme violent.** Psaume 140. 4

**Tu me gardes de détresse, tu m'entoures des chants de triomphe de la délivrance.** Psaume 32. 7

## **Protection divine**

Dans une prison africaine, le pasteur d'une église, Joshua, allait être tué. Il avait toujours prêché le message de l'amour et du pardon divin. Mais la police secrète avait fait savoir au dictateur que l'église grandissait, et il avait ordonné l'arrestation du pasteur. Joshua savait que les prisonniers étaient torturés avant leur exécution et que beaucoup succombaient. Il cria au Seigneur : "J'ai peur, aide-moi, Seigneur. Je n'ai pas peur de la mort, mais d'être torturé avant de mourir. Fais que le premier coup soit mortel, s'il te plaît". Joshua raconte comment Dieu intervint : "Soudain une lumière se mit à briller dans ma cellule et j'entendis comme une voix me disant : "Tu n'es pas seul, je suis avec toi". Toute crainte disparut ; je tombai à genoux en louant le Seigneur. J'avais certainement chanté très fort car la porte de ma cellule s'ouvrit et deux policiers me tirèrent dehors. Je pensais que le moment de ma mort était arrivé, mais je continuais à m'adresser à mon Seigneur. Lorsque l'officier me vit, il dit aux policiers : "Vous avez entendu comme il chante ? Cet homme est complètement fou. Il ne sert à rien de le tuer, jetez-le dehors !" Un instant après, j'étais libre."

Ce croyant a éprouvé ce que d'autres ont si souvent expérimenté : "L'Éternel gardera ta sortie et ton entrée, dès maintenant et à toujours" (Psaume 121. 8). Un récit analogue, dans la Bible (Actes 16. 22-34), nous apprend comment un gardien de prison, avec sa famille, a trouvé la foi après que deux détenus eurent chanté les louanges de Dieu.